

ANEKS 1

SOU BIWO SWIVI AKO 30 DAWOUT 2021

Atik 1.- Anèks sila esplike ki misyon, ki fonksyon, ki manda ak obligasyon Biwo swivi a, ki kreye sou baz nesese tranzisyon ki pou fèt nan mizenplas Akò pou yon solisyon ayisyèn nan kriz la.

Atik 2.- Desizyon Biwo Swivi a ape pran sou baz konsansis ;

Atik 3.- Biwo Swivi a ap monte touswit apre akò a fin siyen. Men ki moun ki ap ladan l:

- a. Komisyon pou Chache yon Solisyon Ayisyèn nan Kriz la (KCSAK)
- b. Twa (3) reprezantan òganizasyon sosyete sivil la ki pa deja reprezante andedan komisyon an;
- c. Twa (3) reprezantan òganizasyon politik ki siyen akò a ;
- d. De (2) reprezantan kap soti nan sektè popilè a.

Sizoka yon sektè pa ta rive bay non moun li chwazi pou Biwo Swivi a twa (3) jou apre li fin resevwa lèt KCSAK la, Komisyon an va mande yon lòt sektè.

Biwo Swivi a ap tabli règleman entèn li yo epi lap di kijan desizyon ap pran nan mitan li lè pa gen konsansis.

Atik 4.- Biwo Swivi a genyen pou li siveye pou Akò a byen respekte nan tout sa ki gen pou wè ak enstalasyon diferan ògann Tranzisyon an. Anpatikilye li genyen pou:

- a) Defini ki jan akò a pral aplike (Baz chwa ki pou fèt yo, Pwogram tranzisyon an, mekanis pou fè seleksyon yo); ki jan distribisyon ak pwomosyon Akò a ap fèt dekwa pou li jwenn akseptasyon pi fò moun nan popilasyon an.
- b) òganize fòmasyon ak enstalasyon Konsey Nasyonal Tranzisyon an ak ògann Kontwòl Tranzisyon an.
- c) Negosye epi òganize transmisiyon pouvwa a ansanm ak pati politik yo, pouvwa ki la a epi sektè òganize nan sosyete sivil la.
- d) Jere sekretarya teknik ak kòdinasyon Konsèy Nasyonal Tranzisyon an, san li pa antre nan desizyon li yo.
- e) Obsève epi fè komantè sou pwosesis elektoral pou deziyasyon Prezidan Tranzisyon an – fi osnon gason – ak Chèf gouvènman an - fi osnon gason. Komisyon pou Chache yon Solisyon Ayisyèn nan Kriz la (KCSAK) ap jere konpozisyon Biwo Swivi a nan konsètasyon ak sektè konsène yo.

Manm Biwo Swivi a pap resewa lajan pou sèvis yap rann. Travay Biwo Swivi a ap fini lè enstalasyon tout ògann Tranzisyon an fin fèt.